No. 22 30 Mei 1930 Taoen 10.

RAGAD ADVERTENTIE:

**Kabar premili:** 1 — 30 temboeng f 1.— Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

**Advertentie limrah:** f 0,15 sagaris; (apes: f 1.25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA TAMA

| | | |
|---|---|---|
| 1 taoen . . . | f 6,— | njoewoen kabajar roemijin. |
| 1/2 „ . . . | f 3,— | |
| 3 woelan . . | f 1,50 | |

Adrèsipoen **Redactie** lan **Administratie**

IGNATIUS - COLLEGE
DJOKJAKARTA.
Telefoon no. 885.

Drukkerij „Canisius" Djokja.

## SERAT KINTOENAN.

Swara - Tama no. 20 ngewrat pitakénan bab koewadjibaning tijang Katholiek Djawi toemrap sociale lan politieke actie toewin wangsoelanipoen saking rama J. J. van Rijckevorsel.

Wangsoelan waoe koela waos wongsal - wangsoel, oekara - oekara katah ingkang koela raos-raosaken, wasana manah koela lega lan marem.

Pitakénan - pitakénan bab sociale lan politieke actie waoe, saèstoenipoen sampoen dangoe oegi dados kandoetan koela, nanging doemoeginipoen sapriki dèrèng koela wedalaken, mila koela bingah déné prakawis poenika sampoen kawedalaken blak-blakan.

„Kanggénipoen tijang Katholiek limrah (leeken) ing oemoemipoen (in het algemeen) ingkang langkoeng perloe poenika poendi."

„.....Jèn makaten temtoe sampoen samestinipoen manawi sadaja tijang Katholiek Djawi kedah ambjoek dateng P. K. W. oetawi K. W. Tindak makaten poenika boten namoeng kénging lan pantes ingalembana (geapprecieerd) kémawon, ananging poenika kabekta saking kawadjiban blaka; poenika pakarjan ingkang loehoer pijambak ingkang saged katindakaken tijang Katholiek."

„Mila pitakénan no. 3: „Perloe poendi P. K. W. poenapa P. P. K. D." wangsoelanipoen boten kénging boten kedah: P. K. W. sing perloe déwé (P. K. W. wint het verre)."

Sapoenikanipoen sampoen tjeta sanget, actie poendi ingkang kedah kita tandangi; koewatosing manah itjal babar pisan. Sarèhning tijang Djawi Katholiek poenika ambetahaken sanget dateng P. K. W., mila soemangga sami ngijataken sociale organisatie kita, awit:

„P. K. W. satjabangipoen K. W.-K. W. poenika kanggénipoen tijang Katholiek Djawi pakempalan Katholieke actie"

lan: „Katholieke actie ikoe, makaten nawala dalem „Ubi Arcano Dei" kaéwokaké (behoort tot) oerip satjara Katholiek."

Prakawis politieke actie kita:

„Sami èngeta, bilih ngetjakaken kapolitikan poenika boten saben tijang saged, nanging namoeng ingkang djempol-djempol"

toewin boten tjoto (bevoegd) lan katah seserepanipoen (ervaren).

Saking pamanggih koela, manawi ngèngeti ingkang kasebat ing nginggil poenika lan ngèngeti oegi, bilih tijang Djawi Katholiek poenika sapérangan ageng dèrèng djempol-djempol, taksih tjoto lan kirang seserepanipoen — kadjawi ingkang roemaos djempol, bokmanawi para liding Hoofdbestuur pakempalan kita politiek lan prijantoen sanèsipoen sawatawis —, saénipoen pakempalan kita ingkang dipoenparabi P.P.K.D. poenika dipoen*bibaraken* kémawon, awit politiek poenika namoeng:

„.....oegi kénging kaetjakaken ing tanah Djawi ngriki." *)

Kados prakawis poenika boten wonten awonipoen jèn dipoenrembag Hoofdbestuur P. P. K. D. lan tjabangipoen.

Rama Redactie, matoer noewoen déné kersa matjak serat poenika wonten ing Swara - Tama ngriki.

N.

* *
*

Koela soeka panoewoen dateng sad. N. déné pandjenenganipoen satoedjoe kalijan sadaja, ingkang sampoen koela serat ing Sw.-Tm. nomer 20 menggahing gegajoetanipoen P. K. W. lan P. P. K. D. sociale lan politieke actie.

Ananging andaran koela ngadjeng wonten temboeng satoenggal, ingkang ndjalari ragi klintoe tampinipoen sad. N., i. p. temboeng: *ngetjakaken politiek*; ingkang koela kadjengaken *ngetjakaken* ngriki *actief* doen aan politiek, liripoen: soeka panoentoen, ngawontenaken (damel) sesorah oetawi lezing bab politiek, débat-débatan, ngoedi soepados kapilih dados pangrèhing pakempalan, wonten ing ngrikoe sesorah (optreden) lss. lah poenika rak tjeta, bilih boten saben tijang saged ngetjakaken, nanging namoeng ingkang djempol, ingkang boten tjoto saha katah seserepanipoen. Déné kosokwangsoelipoen: toemoet ing kapolitikan (passief doen aan politiek), liripoen: saijeg ngrompol dados satoenggal, toemoet ngrembag babagan politiek ing salebeting pakempalanipoen pijambak (in eigen kring) toemoet ngrembag, sawoeng poendi ingkang kedah kaadjengaken, toemoet milih lss. lah poenika kawadjibanipoen oeger tijang Katholiek, inggih tijang Djawi Katholiek.

Mila poenapa pakempalan P. P. K. D. kedah kabibaraken? O, babar pisan boten; nanging malah kakentjengna, katambahana toewin kawewahana tjabangipoen, awit ingkang makaten poenika migoenani saha moerakabi sanget.

Saoepami boten wonten P. P. K. D. oetawi P. P. K. D. boten gadah tjabang njekapi, tijang Djawi Katholiek ing babagan politiek boten badé mapan kados sapoenika, lan katah ingkang badé kapinten.

Mila moegi - moegi P. P. K. D. tansah lestantoena, soeboera toewin widadaa ing sateroesipoen; moegi-moegi P. K. W. andidika saha ngedalaken woh i.p. warga P. P. K. D. djempol. Djokjakarta.

*J. J. v. Rijckevorsel.*

*) Poenika ragi klintoe sakedik; *ingkang oegi kénging kaetjakaken ing tanah Djawi ngrikoe*: poenika sanès **politiek**, kados karsanipoen sad. N. nanging: *ingkang oegi kénging kaetjakaken* . . . . . poenika: *ichtijar, ngoedi* sarta *ngadjak*, soepados . . . . . . Tjobi dipoenpriksani malih Sw. Tm. no. 20. Politiek poenika boten namoeng **kénging** nanging **kedah** kaetjakaken. *Red.*

## PRADJA RAHAJOE.

### BANK DOESOEN.

*(Bank-ipoen tijang doesoen).*

Samangké tijang doesoen poenika sami bingoeng, kerep betah arta; badé njamboet Tjina mindring kadospoendi, leres panjaoeripoen gampil, kénging dipoen - semadosi, nanging rekaosipoen poenika, manawi babon dèrèng wangsoel, bok nganaki pinten-pinten inggih boten dipoenanggep sah. Badé njamboet dateng bang doesoen kados-poendi, inggih leres anakan namoeng sakedik katimbang kalijan dateng Tjina mindring, nanging ngrekaos, margi boten kénging dipoen - semadosi.

Para maos temtoenipoen ladjeng ngandika makaten: Pantjèné mono anaa bank sing ndjaloek anakan satitik lan gelem disemajani. Poenika kasinggihan sanget. Bank doesoen poenika ingkang temtoe ladjeng neda sareman katah, woesana boten tetoeloeng, nanging malah mentoeng.

Masti kémawon bank doesoen poenika kénging pados bati sakedik perloe kanggé nambeli wragad-wragad kantoran, nanging manawi ingkang dados oepami djoeroe serat poeroen tanpa bajaran (amargi sampoen gadah pamedal sanès) inggih saja loemajan.

Bab panitjil kedah kénging dipoen-semadosi. Ingkang kados makaten poenika masti kémawon inggih mawi waton tegesipoen: pantjènipoen saged, ladjeng semados, poenika boten kénging. Semados ing ngrikoe tegesipoen: Sarèhné wong désa ikoe kasoegihané doemoenoeng ana ing pametoening lemah, moelané jèn njaoer ija samangsa wis ngedol pametoené maoe. Bisa njaoer samangsa-mangsa oepama mentas menang lotré l. s. p., ikoe saja prajoga.

Dados manawi bank doesoen sapoenika poeroen nindakaken makaten, tijang doesoen temtoe mantoen bingoeng, ékonominipoen saged madjeng.

Nanging poenapa Nagari karsa?? Poenika angèlipoen.

Ing Éropah wonten bank doesoen namanipoen: Raiffeisenkas. Poenika bank doesoen, nanging gadahanipoen tijang doesoen. Ingkang dados pawitan poenika artanipoen tijang doesoen ngrikoe pijambak, déné ingkang njamboet inggih tijang doesoen ngrikoe, katah kediking samboetan goemantoeng saking katah kediking radja darbé ingkang kanggé atoeng-atoeng. Toemindakipoen kados wewaton ingkang kaseboet ing nginggil, inggih poenika sareman sakedik, panjaoeripoen loemajan. Raiffeisenkas (bank doesoen) waoe dipoentjepeng Pangrèh ingkang warganipoen 5, ladjeng poenika kabawah ing djoeroe noepiksa 9 katahipoen. Wondéné djoeroe noepiksa poenika pandamelanipoen dipoenpriksa malih déning parepatan-oemoem ingkang kawontenaken kaping kalih ing sataoenipoen.

Raiffeisenkas (bank doesoen) ing Éropah poenika pitoeloeng sanget dateng para tijang tani. Ing sakawit wontenipoen namoeng ing sadoesoen. Lami-lami pinten-pinten doesoen ladjeng ngwontenaken bank doesoen satoenggal ingkang ageng, dados pawitan inggih katah.

Ing nagari Wlandi, roemijin tijang tani sampoen naté megap - megap, amargi dados tedanipoen lintah-darah lan dipoendjori tijang Amérikah, inggih poenika tijang Amérikah nglebetaken gandoem ing nagari Wlandi, reginipoen mirah sanget, ngantos tijang doesoen ingkang gadah gandoem, boten pepadjengan.

Kala semanten Kangdjeng Santo Bapa paring nawala, soepados tijang tani dipoentoeloengana. Ladjeng tijang Katholiek tékadan ngwontenaken bank doesoen nanging ingkang gadah inggih tijang doesoen pijambak. Boten lami tetijang doesoen

### ATOER OENINGA.

*Gandèng kalijan liboeran Djoeni, para lengganan ingkang tindakan, mangka ngarsakaken soepados Sw. T. tansah ndèrèkaken, — kasoewoen kanti taklim sampoen ngantos damel ribetipoen Administratie. Pandjenengan tjekap njoekani adrès pindahan dateng kantor pos ing papan ingkang pandjenengan dalemi sapoenika.*

*ADMINISTRATIE.*

mantoen megap - megap, sami pating djenggèlèk, katingal gagah-gagah. Woesana kantja tani ingkang dédé Katholiek sami tiroe-tiroe, andadosaken kawiloedjenganipoen.

Jèn ing tanah Djawi ngriki tetijang doesoen sami noelada nagari Wlandi oetawi Éropah, temtoe inggih ladjeng sami pating djenggèlèk, gagah - gagah.

L a h d o e w i t é ? ? ? ? ?

Sampoen njamboet dateng Tjina poenapa, awit jèn makaten tanpa goena. Arta kedah gadahanipoen tijang tani pijambak, inggih sawontenwontenipoen roemijin. Lami - lami angger dipoentlatosi, rak saged mindak-mindak.

Jèn bank doesoen ing ngriki inggih dados gadahanipoen tijang doesoen, lan perloenipoen namoeng kanggé noeloengi tijang doesoen, kénging tan boten, tijang doesoen badé madjeng ékonominipoen.

Poen P. D.

## ONDERWIJS.

### PAKEMPALAN - ONDERWIJS (PANGADJARAN) TOEMRAP LARÉ-LARÉ BISOE TOEWIN BOEDEG ING HINDIA - NEDERLAND, KAADEGAKEN WONTEN ING BANDOENG.

*Sambetipoen Sw. Tm. No. 21.*

Ing Djerman (Duitschland) kala taoen 1896 goenggoengipoen pamoelangan bisoe kirang - langkoeng wonten 100 panggénan, malah ing tanah karadjan alit-alit kadosta: Lippe, Anhalt, Sachsen-Meiningen, Reusz j.l. lan sapanoenggilanipoen oegi wonten, sadaja waoe sami nggadahi pamoelangan pijambak-pijambak kalajan jasanipoen radja-radja ing djaman samanten.

Pamoelangan ingkang 100 panggénan waoe moeridipoen wonten 6600.

Ing Hindia ngriki dèrèng wonten pamoelangan toemrap laré bisoe, kadjawi namoeng pamoelangan partikelir satoenggal waoe. Déné sababipoen: bokmanawi sarèhning tijang katah dèrèng sami mangretos. Pramila ingkang boten anggalih oetawi amersoedi dateng kasagedanipoen laré - laré bisoe poenika kénging kawastanan adamel dosa ingkang ageng sanget.

Tijang ingkang boten soemerep dateng seratan (analphabet) taksih nggadahi pangraos kanggé anindakaken pikadjenganipoen, awit saged mireng soewara warni - warni ingkang sambet kalijan angen - angen, pijambakipoen ladjeng saged mangsoeli oetawi njegah (regeeren) poenapa ingkang kapireng waoe.

Satoenggaling laré bisoe ingkang boten naté sinaoe, saèstoe boten nggadahi pirantos kanggé ngedalaken soeraosing manah dateng tijang sanès, mila salaminipoen gesang tansah pijambakan, boten saged kempal kalijan tijang sanèsipoen.

Amaringi pitoeloeng dateng laré-laré bisoe, poenika ingkang dados sedyanipoen pakempalan.

Tijang dèrèng sami njoemerepi sadaja, poenapa tegesipoen temboeng „doofstom" (bisoe) ingkang saleresipoen. Ingkang katah - katah sami nginten, kadjawi „doofheid" (boedeg) oegi wonten malih ingkang risak, ananging sajektosipoen ingkang makaten waoe awis - awis sanget.

Laré ingkang boten saged witjanten poenika sababipoen: djalaran boten saged mireng, „de stomheid" déné anggènipoen boten saged witjanten poenika namoeng saking boten saged mireng kémawon.

Kala roemijin laré ingkang bisoe poenika kadjawi sinaoe njerat, oegi sinaoe temboeng kanti sasmita (gebarentaal). Ananging lami - lami ladjeng kasoemerepan, bilih gebarentaal waoe namoeng saged kaanggé dateng sasaminipoen tijang bisoe kémawon, boten saged kadamel witjantenan kalijan tijang sanèssanèsipoen. Sapoenika tijang - tijang bisoe waoe sami sinaoe witjanten. Anggènipoen sinaoe witjanten poenika aniroe ébahing lambénipoen goeroe. Kawontenan pasinaon witjanten kados makaten poenika sampoen saé sanget, malah wonten satoenggiling laré èstri saking Amsterdam sinaoe kados makaten ngantos saged angsal acte stenografie.

Ingkang poenika sampoen genah sanget, bilih padamelan oemoem ingkang kados makaten waoe saklangkoeng ageng goenanipoen, toer oepami sampoen wonten satoenggal ingkang katingal saged, sanès-sanèsipoen tamtoe namoeng noeroet kémawon, dados ing tembé ing Hindia ngriki temtoe katah ingkang ngadegaken pamoelangan - pamoelangan kados ing nginggil, waton genging pigoenanipoen pamoelangan ingkang wonten samangké poenika sampoen kasoemerepan dateng tijang katah.

Ingnginggil sampoen katerangaken, bilih preloe sanget pamoelangan bisoe waoe kedah dipoenadjengaken. Oepami ningali kawontenanipoen ing Europa, temtoe ing Hindia oegi boten badé kantoen. Laré - laré bisoe samangké taksih manoet sanget dateng pikadjenganipoen tijang sanès, mila manawi ing tembé sinaoenipoen saged ladjeng, soepados migoenani dateng ngakatah.

Awit saking wontenipoen sedija ingkang kaseboet ing nginggil waoe, ing Bandoeng sampoen kawontenaken pakempalan pamoelangan toemrap laré bisoe ingkang kirang pamirengipoen. Bestuur (pangoeroes) ingkang nindakaken padamelan padintenan, inggih poenika:

Kangdjeng toean J. H. B. Kuneman, Resident, Voorzitter; Mevr. Dr. C. Roelfsma - Wesselink, Vice - presidente; J. P. A. Ahn, agèning Javasche Bank, Penningmeester, lan A. H. J. Schweitzer, Riouwstraat 21, Bandoeng, Secretaris, telefoon no. 2576.

## ISINIPOEN:

Serat kitoenan — Bank doesoen — Pakempalan Onderwijs enz. — H. I. K. — Ratjikan asrep-asrepan — Cooperatie — Kabar administratie— Serat kintoenan — Salatiga 15 Mei 1930 — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati—Oerapsari — Correspondentie.

Déné pandamelipoen grija pondokan ngiras kanggé pamoelangan sampoen dipoenwiwiti, ananging ing saladjengipoen wewahan ingkang taksih kirang oetawi ingkang katimbang preloe sanget, poenika kedah angsal pitoeloeng, kadjawi saking Kangdjeng Gouvernement oegi saking bangsa partikelir hartawan ingkang sami kepareng lan karsa anggatosaken preloenipoen pamoelangan waoe.

Ingkang poenika pakempalan preloe njoewoen sih pitoeloengan dateng sadaja para mitra karsaa maringi derma (bijdrage) sakaparengipoen.

Ingkang kersa mlebet dados „Stichter" saking pakempalan waoe kedah maringi derma sapisan katahipoen f 1000.—, oetawi bilih mlebet lid pakempalan waoe kedah mbajar contributie sakedikipoen f 12.— sataoen.

Moegi-moegi sadaja sami keparenga merlokaken paring sih pitoeloengan dateng sasamining agesang, dadosa ngamal ingkang ageng sanget paédahipoen.

## PASINAON ING H. I. K.

*Sambetipoen Sw. Tm. No. 21.*

Ingkang katampi wonten ing kl. 1. „bovenbouw" (kl. 4 H. I. K.) kadjawi laré inggah - inggahan saking kl. 3 H.I.K., lan tanpa iksamen i. p.

a. Laré ingkang tampi tanda tamat saking Mulo ingkang boten kabédaken (een niet gedifferentieerde Mulo), oetawi saking B.-afdeeling Mulo ingkang nganggé kabédakaken (gedifferentieerde Mulo).
b. Laré ingkang tampi diploma saking H. B. S. tigang taoenan (H. B.S. met 3 - jarige leergang).
c. Laré ingkang gadah pratanda minggah kl. IV H.B.S. 5 taoenan (H. B. S. met 5 jarige leergang), Gymnasium oetawi Lyceum.

Déné bidjining basa Walandi apesipoen kedah 6. Kadjawi poenika inggih dipoeniksamen basa Djawi lan Mlajoe, lan kedah anggadahi pratanda saking pengagenging sekolahanipoen bilih „geschikt" sinaoe goeroe.

Sanèsipoen ingkang klebet ing kl. 1 bovenbouw, i. p. laré ingkang katampi iksamenipoen, lan bidji Walandi apesipoen 6.

Déné ingkang boten kénging toemoet iksamen kanggé nglebeti, inggih poenika laré ingkang anggènipoen iksamen kanggé medal, kados ingkang kaseboet ing a. lan b., boten saé. Samanten oegi laré ingkang boten toemoet eindexamen, oetawi boten katampi iksamenipoen poengkasan wonten ing Mulo oetawi H. B. S. 3 taoenan.

Laré Holl. Kweekschool oegi saged katampi ing H. I. K. tanpa iksamen.

Manawi panjoewoenan mlebet ing H.I.K. katah sanget, ladjeng namoeng kapilih ingkang saé pijambak. Déné jèn sampoen kapilih meksa kirang papan, ladjeng kadamel paralèl.

Kadjawi serat-serat kaseboet ing nginggil laré kedah anggadahi:

a. Serat asal-oesoel.
b. Pratanda saking dokter, bilih badan saras, boten anggadahi widji sesakit poenapa-poenapa.
c. Pratanda tjatjar.

*Oemoer.*

Oemoering laré ingkang katampi ing kl. I Onderbouw ing tanggal 1 Juli taoen mlebetipoen apes 12 taoen lan boten kénging 17 taoen.

Kanggé kl. II oemoering laré saantawisipoen 13 lan 18 taoen.

# S A K I N G   P A K E M P A L A N.

*Salatiga 15 Mei 1930.*

**K. W. Salatiga lahir.**

Ngahad 11 Mei 1930 comité ambikak parepatan mawi adat Katoelik, wiwit djam 10 — 12,30.

Ingkang rawoeh lid bestir P.K.W. 2 lan mèh sadaja katoelik Djawi sakoekoeban Salatiga. Parepatan manggèn ing dalemipoen D. Talip. Lid bestir P.K.W. nerangaken kawontenaning K.W. toewin P.K.W., tjeta sanget.

Pitakénan bab sociale actie saking sadèrèk Salatiga kadjawab sadaja.

Woesana K. W. Salatiga lahir, contributie kadamel njetangsoel roemijin. Béndjing éwah inggih kénging.

Bestiripoen:

sad. R. Th. Sardjono pangarsa
sad. J. S. Hendrawarsita secretaris
sad. D. Talip penningmeester
sad. P. Soemardi }
sad. Soeratiman } commissaris

Djam 12,30 parepatan katoetoep mawi adat Katoelik.

*J. S. Hendrawarsita.*

---

Kanggé kl. III: 14 lan 19 taoen; kl. IV: 15 lan 20 taoen; makaten saladjengipoen.

*Panjoewoenan mlebet ing H.I.K.*

Panjoewoenan medal pangagenging sekolahanipoen, katoer Inspecteur van het Westersch-Lager-Onderwijs in Algemeene Dienst ing Weltevreden, sadèrèngipoen tanggal 1 Mei, kakantèn serat-serat pratanda ingkang sampoen kapratélakaken ing nginggil. Déné jèn serat-serat waoe dèrèng djangkep, panjoewoenan kaanggep voorloopig. Serat-serat waoe k e d a h ladjeng katoer sadèrèngipoen 1 Juni.

*Bajaran sekolah.*

Bajaran sekolah f 5 ing sawoelan.

Manawi saged njaosi katerangan ingkang sah, bilih tijang sepoehipoen sèkèng, kénging gratis (boten mbajar bajaran sekolah). Laré waoe malah saged tampi arta pitoeloengan!

Pirantosing sekolah kagadoehan. Déné arta kabetahaning laré tjekap f 20, kanggé bajaran sekolah, panganggé, arta tjepengan lan sapanoenggilanipoen. Déné laré ingkang gratis tjekap f 15.

*Liboeran.*

Jèn liboer ageng (± 15 Mei — 1 Juli) laré-laré kedah medal saking Internaat. Déné jèn liboer sanèsipoen (ing woelan September lan December) kénging boten késah saking internaat. Laré ingkang gratis jèn mantoek liboer ageng, angsal sepoeran kasanggi ing nagari (vrij vervoer voor rekening van den Lande); jèn liboer September lan December boten. Liboeran sanèsipoen kadjawi Minggoe lan dinten ageng bangsa Kristen, i. p. dinten ageng Islam.

*Blandja.*

a. Wedalan H. I. K. ingkang boten ngladjengaken sinaoe Hoofdakte, kabenoem dados Inlandsch Onderwijzer wonten ing H.I.S. Blandja wiwit f 130 doemoegi f 350, sasampoenipoen njamboet damel 22 taoen.

b. Jèn ngladjengaken ing Hoofdakte cursus tanpa Aanteekening, dados Hoofdonderwijzer (sanès Hoofd der School) ing Westersch Lager Onderwijs. Blandja f 225 doemoegi f 475 (poenika dèrèng katamtokaken) sasampoenipoen 22 taoen.

c. Déné jèn tampi Hoofdakte met aanteekening, pamedalipoen f 280 doemoegi f 850 (manawi dados Hoofd der School).

Goeroe kaseboet ing b. manawi dados Hoofd wiwit f 300 doemoegi f 525 (poenika dèrèng katamtokaken).

*C. Bl.*

# V A R I A.

## RATJIKAN ASREP-ASREPAN.

Boten soesah koela djèrèng wijar-wijar, mesti kadang kita kaoem Kath. sampoen katah ingkang sami damang bab isi lan wosing boekoe-boekoe wedalan Jav. lectuur fonds.

Boekoe-boekoe waoe sadaja lakar njata maédahi sanget.

Manawi ngepleki oetawi mapaki poenapa malih ngoengkoeli, kados sakoela poenika, bokmanawi tangèh menggèh-menggèh, boten badé saged.

Ananging jèn dasar njata pantjèn dasar poeroen kerep djinggleng kanti tawekal, njoenjoewoen dateng Ingkang paring gesang, é, bok boten kètang $^1/_{10}$ % paribasanipoen, saged toemanem ing sanoebari.

Kanggé para kadang ingkang keslempit, ingkang awis sagedipoen sowan ing ngabjantara Nata linoehoer ambek adil para marta tanpa tanding, saja ageng pikantoekipoen.

Ingkang ageng paédahipoen saha mikantoeki kanggé nglaras anggrajangi sarira: 1. Napak tilas pada Dalem Sri JESOES (Sang CHRISTUS). 2. Pangangen-angen kanggé saben dinten, lan sapanoenggilanipoen.

Namoeng, émanipoen ingkang saged maos, ngemoengaken ingkang saged sastra Latijn lan ingkang sami kersa kémawon. (Ingriki koela roemijini: anggèné katjitak mawi aksara Lat. amrih ringkes.)

Dados melas kadang kita ingkang namoeng mangertos sastra Djw. mangka saged oetawi katjonggah.

Kados sakoela oepaminipoen, taksih asipat manoengsa toer sèkèng, taksih preloe pados pokil kanggé tjagak oetawi srana kijating badan moerih sageda nglampahi oetawi netepi wadjib lahir lan batin ajahan Dalem saha dawoehing Pasamoewan Soetji, terkadang mantoek djam 3, 6 sonten, poenapa kober maosaken. Kala-kala asring dateng langkoeng loengsé malih namoeng saged ngaso sakedap, sampoen nggarap damel sanèsipoen. La, kados-poendi, tijang sampoen tampi empingan roemijin.

Wasana para kadang ingkang dasar katjonggah toembas (moendoet) sampoen ketlompèn, sampoen toemamboeh, mangké mindak kadaloe warsa boten koemanan, inggih ing lair, inggih ing batin.

Pikantoekipoen badé toemandja dateng sarira pribadi saha ngirasngiroes anggrerèntjangi sakedik kalih kedik, dados wonten tandanipoen jèn ngretos sampoen dipoen ..... déning Missie, inggih poenika nalika, mangga ngrikoe ngertos pijambak. Boten kétang sapetil, jèn tikil badé dados glondong lami-lami.

Mangga noen, sampoen ngantos dipoenbanggakaken.

Wong toewa ora woewoer nèk semboer, ora semboer jèn toetoer.

*Fm. Sw.-Tm.*
Ing Ngéndrakila.

## COÖPERATIE.

Ing wekdal samangké kanggé bangsa kita, kados sampoen katah ingkang sami anindakaken kawroeh pagemèn, katanda ing poendi-poendi panggènan sampoen sami ngedegaken coöperatie. Boten kétang pawitan sakedik; bribik-bribik sampoen saged toemindak.

Rèhning pakempalan coöperatie poenika boten prakawis gampil, prajoginipoen amrih saged sempoeloer, sadèrèngipoen ada-ada kedah kapatitisaken roemijin kados-poendi menggah lampah-lampahipoen. Poendi saranipoen sagedipoen saged sempoeloer; poendi sambé kalanipoen ingkang saged ngambroekaken pakempalan, sadaja kedah dipoen-ngertosi. Menggah pamrihipoen, soepados poenapa ingkang dipoenlampahi sampoen was-was malih.

Tindakipoen ing sakawit kedah kalawan alon-alonan. Boten kénging groesa-groesoe. Leres ingkang kadjangka sageda énggal ageng; namoeng kémawon ageng poenika asalipoen saking alit.

Tijang ingkang tinanggenah ngemoedi, kedah kapadosaken ingkang sampoen djembar kawroehipoen menggahing bab lampah-lampahing cooperatie. Sokoer bagé tijang ingkang angsal didikan bab lampahing tijang dedagangan.

Samanten oegi para warganing pakempalan inggih boten kénging ngétja-étja; ambodokaken dateng djoeroe kemoedi. Manawi kepéngin gadah pakempalan ingkang soeboer, inggih kedah tjawé-tjawé, sesarengan lan para ngemoedi; tansah toemoet amboedi-daja sasaged-sagedipoen.

Mangga sadèrèk; manawi panggènan pandjenengan dèrèng wonten cooperatie, kados-poendi réka pandjenengan, soepados saged ngawontenaken.

Manawi cooperatie réka-rékanipoen bangsa kita ing poendi-poendi panggènan saged toemindak saé, mahanani manawi kekijataning gesang kita badé saja mindak.

Koela namoeng memoedji.

P. T. T.

## SERAT KINTOENAN.

*Rembag wajoe, ning anget.*

Noewoen! C. C. S. L. sampoen maos: pangoedaraosipoen sadèrèk Indonesier ing S. T. no. 16 kala 18 April 1930. Ing rikoe wonten prakawis sawatawis ingkang C. C. S. L. manah: perloe kawangsoelan.

1. Sad. Ind.: kagoengan kajakinan: „p i t a d o s  d a t e n g  s a r i r a  p r i b a d i." Adja ndjaloek pitoeloengan bangsa lija. — Saé sadèrèk!! Nanging kedah kalambaran pangatos-atos, sampoen ngantos: „o n t a a r d  t o t  z e l f o v e r s c h a t t i n g."

2. Pandjenenganipoen ngendika: „k a l o e h o e r a n  k i t a  l a n t a r a n  m e l o e h o e r k a n  s e s a m a." Ing saladjengipoen pendjenengan katingal mastani jèn kita ... ....dateng sesami! Poenapa kita *boten* oetawi *kirang*, anggènipoen ngaosi sesami? Kent u feiten, meneer Indonesier?

3. Pandjalmaning „V. Lith fonds," dateng: „V. Lith Stichting," kita kedah bingah, déné V. L. S. sampoen saged ngadeg pijambak, toer langkoeng soeboer lan djedjeg, tinimbang nalika taksih nama v. L. fonds. Sadèrèk! Sinten ingkang ngoendoeh, manawi V. L. S. sampoen bregas poenika???

Lan kita sadaja malah ngadjeng-adjeng, béndjing poenapa *„Roekti-Woeri"* oegi saged: *madeg bawa pijambak*, dados boten namoeng ngaoeb dateng P. K. W. Poenapa sad.: Indonesier prihatos: manawi poetranipoen sampoen mentas (imah-imah) saged djedjer bawa pijambak???

4. Pandjenenganipoen ngendika: „I n g  b e s l o t e n  v e r g.: p a n g r è h  k e d a h  o e n g a k - o e n g a k, s a r a n a  n j e d a h i  p a k e m p a l a n  o e t a w i  p e r s o o n  s a n è s, i n g k a n g  k a m a n a h  s a g e d  n a m b a h i  p r a j o g i n i n g  l a m p a h, m o e r i h  s a j a  m i r a o s  w o h i p o e n."

Laaaa! rak boksen pijambakan, kalijan saèstoe pandjenengan ingkang roemaos bingoeng ...... iki Congres openbaar ..... Combinatie apa ..... enz. enz. Anggènipoen Congrès P. K. W. mekaten poenika rak sampoen oengak-oengak!

5. Sad. Ind. ngendika boten *memaoni* congres P. K. W.? Poenika rak bangsanipoen: „A k o e  o r a  m i s o e h i  k o w é,  t r o n d o l o!!!"


VAN LITH-STICHTING.

SINTEN
ingkang dèrèng
dados warga
V. L. S.
é n g g a l
koela atoeri
MLEBET!

Pangrèh V. L. S.
Bijz. H. I. S.
MAGELANG.


6. Ing Congres P.K.W. sampoen wonten verificatie Commissie. Pinanggihing pepriksan „saé." Tanda Hartaka sampoen njamboet damel samestinipoen. Ning sad. Ind. sadjak boten pitados dateng Hartaka lan verificatie Com. Ach! mesakaken temen ingkang nandangi! Éwadéné sad. Ind. badé ngaping kalihi lan matitisaken padamelan waoe, kénging kémawon. C.C.S.L. sagah nglantaraken kersa pandjenengan.

7. Kita tijang Kath. namoeng: „l é h a - l é h a,  o e n d j o e k - o e n d j o e k a n  g l e n g g a n g - g l e n g g e n g?" O, memelas sanget pandjenengan sadèrèk. Ah mesakaken. Indonesie heeft werkers noodig hoor! Lan kadang kita inggih sampoen njamboet damel dengan keras — mokal jèn pandjenengan boten ngakeni — djer mangsa jèn boten pirsa — Jèn kapéngin priksa ingkang langkoeng djembar tebanipoen, zie Persoverzicht no. 18 katja 169 woelan April 1930 poenika.

8. Mendem pengalem? saja boten mantoek sadèrèk!, kalijan ing nginggil waoe!

9. C.C.S.L. Bravo!!, pandjenengan memoedji: „moegi leider-leidering kemadjengan Katholiek netepna kawadjibanipoen." Semanten oegi ingkang dipoentoentoooooooooon!!!!!

10. Prakawis dawoeh wangsoelanipoen padoeka prof. J. v. R. zie S. T. no. 12, inggih kedah: *„alon-alon anggeré kelakon."* Sampoen ngantos: „K e b a t ............ k l i w a t."

Sampoen semanten kémawon.

Taklim
C. C. S. L.

SALATIGA:

Lair kanti wiloedjeng

IGNATIUS DJANARDANA HENDRAWARSITA.

7 - 5 - '30.

# POESPITA MANTJA WARNA.

## P A O S   P A M O E L A N G A N.

I.

Ing samangké paos pamoelangan poenika wonten ing madyaning kalangan Djawi lan Welandi dados pirembaging ngakatah. Sawenèh wonten ingkang najogjani, sawenèh wonten ingkang boten moepakat babar pisan.

I. Menggah djalaranipoen ingkang sami amrajogèkaken paos pamoelangan, poenika temtoenipoen inggih wonten warni-warni; kaparenga koela anjoeplik sawatawis:

a). Paos pamoelangan poenika saged angindakaken pamedalipoen nagari; awit manawi sadéngah tijanga, ingkang njekolahaken oetawi ingkang b o t e n njekolahaken anakipoen, kadawoehan ambajar paos pamoelangan, mestinipoen loemebeting arta saged saja katah. Ing sapoenika tijang pinten éwoe, keti kémawon, ingkang sami d è r è n g oetawi b o t e n njekolahaken anakipoen; la manawi tijang poenika waoe oegi katarik paos pamoelangan, toemraping nagari rak saged radi loemajan, saged oentoeng.

b). Paos pamoelangan saged anggegèndèng lan nenangi tijang doesoen, amrih njekolahaken anakipoen; awit manawi sadaja kapeksa, pasok paos, ladjeng saged katoemoesan gagasan makaten: „katimbang kélangan, la saiki ija njekolahaké anak."

c). Panarikipoen paos pamoelangan poenika langkoeng gampil tinimbang panarikipoen bajaran wonten ing sekolahan. Ki mantri goeroe ladjeng sampoen boten soesah kongal-kangèlan anarik bajaran, oetawi ngoprak-oprak moerid ingkang sami noenggak, lan sapanoenggilanipoen; saged anggadahi manah tentrem ajem, woesananipoen saged langkoeng saé toemindakipoen piwoelangan.

d). Manawi dipoenwonteni paos pamoelangan, nagari bokmanawi rak ladjeng langkoeng gampil sagedipoen mranata pamoelangan, katah-kedikipoen wonten ing saben papan, inggil-andapipoen; wah malih saged langkoeng g a m p i l lan langkoeng a d i l anggènipoen nemtokaken katah-kediking paos, lan boten kados ingkang kalampah ing sapoenikanipoen: awit ing samangké katah-kediking bajaran pamoelangan kapétang mitoeroet inggil-andaping pamoelangan: oepami pamoelangan doesoen saketip, H. I. S. tigang roepijah, Mulo gangsal roepijah lsp. Déné manawi paos pamoelangan katindakaken, sadajaning pamoelangan ladjeng prodéo alias tanpa bajaran; saged adamel majaring sadéngah tijang.

Kaparenga koela namoeng njoeplik samanten, bokmanawi taksih wonten djalaran sanèsipoen.

II. Nanging sigeg gantos ingkang tjinarijos. Ingkang sami boten moepakat kalijan paos kasebat, bokmanawi pambantahipoen kados ing ngandap poenika:

a). Pamedalipoen nagari langkoeng katah. Dèrèng kinoer, saged oegi ngirid-irid ngorod-orod; awit temtoenipoen tjatjahing pamoelangan mindak, poenggawa nagari saja katah, djoeroe narik paos, djoeroe serat lsp. kedah kawontenaken, la poenika sadaja kedah kabalandja, lan terkadang boten trimah sakedik; mitoeroet koepija administratie poenika saged nelasaken wragad katah. Saoepami nagari boten toeni, namoeng oentoeng, bokmanawi kaoentoenganipoen inggih boten sapintena. Sanadjan oentoenga katah pisan, namoeng poenapa poenika prajogi katindakaken, poenapa boten ragi (amit-amit sèwoe) tjengkah kalijan anggering kaadilan; prakawis poenika badé taksih karembag ing ngandap (d).

b). Paos pamoelangan saged oegi dados panggèndèngipoen kantja doesoen njekolahaken anakipoen. Namoeng sadèrèk doesoen saged oegi taksih poegoeh, saged taksih ngawrataken sabin, maésa oetawi lemboenipoen, lan sandjangipoen dateng anak: „katimbang sekolah ora olèh pitoewas, glidiga menjang sawah baé, satitik-titik loewoeng, bisa mitoeloengi wong toewa; oetawa manèh jèn kowé sekolah, sapa sing ngengon kebo lan sapiné?"

c). Panarikipoen paos pamoelangan langkoeng gampil. Dèrèng kantenan. Kados-poendi ingkang kalampahan ing samangké ing atasipoen paos limrah; poenapa boten wonten tijang padoesoenan ingkang kedah kaoprak-oprak? oetawi ingkang noenggak? ngantos ki loerah doesoen kapeksa ngrogoh kantong perloe kanggé nambeli? La manawi ing samangké kantja doesoen taksih kaimbetan sesanggèn paos pamoelangan, poenapa malah boten saja gampil panoenggakipoen?

d). Nagari saged langkoeng gampil anggènipoen mranata pamoelangan, manawi paos pamoelangan katindakaken; saged oegi makaten. Éwasamanten saged oegi sami gampilipoen kalijan ingkang sampoen toemindak ing samangkénipoen.— Prakawis nagari langkoeng gampil anggènipoen nemtokaken katah-kediking paos pamoelangan, poenika kapara njata; soeprandéné prakawis „l a n g k o e n g  a d i l" . . . la poenika kedah katiti priksa roemijin ingkang kanti sajekti.

Saoepami ingkang kadawoehan pasok paos poenika namoeng mligi para tijang ingkang njekolahaken anakipoen, prakawis poenika saged oegi adil, saklangkoeng adil. Nanging déné jèn kersaning negari sadéngah tijang ingkang njekolahaken lan b o t e n njekolahaken anakipoen, oegi kadawoehan njanggi sesanggèn paos pamoelangan, semoenipoen boten patos salaras kalijan anggering kaadilan. Awit kawoeningana, ing samangké ing boemi Djawi tijang ingkang njekolahaken anakipoen dèrèng sapintena, jèn katanding kalijan tijang ingkang d è r è n g oetawi b o t e n njekolahaken anakipoen. Dados jèn makaten toemrapipoen tijang ingkang boten njekolahaken anakipoen, anggènipoen pasok paos pamoelangan poenika, mèh boten wonten pitoewasipoen, namoeng mligi awoedjoed soembang soeroeng dateng ingkang sami njekolahaken anakipoen. Kang mangka toedjoenipoen paos poenika perloe kanggé njambeti kabetahan oemoem, oetawi minangka pitoewas margi tijang alit kaamping-ampingan ing nagari. Mila njata kasagedanipoen para sardjana lan para gegémbong ing babagan kawroeh saged moerakabi para kawoela alit sadaja; namoeng rèhning ing noesa Djawi ngriki taksih kekatahen ingkang dèrèng saged sastra, poenapa déné kantja alit boten sakala oetawi boten temtoe saged ngraosaken wohing kasagedanipoen para sardjana sawatawis, dados anggènipoen pasok paos pamoelangan toemrapipoen tijang alit ingkang boten njekolahaken anakipoen kénging kawastanan ragi moespra, boten wonten pitoewasipoen: kadjawi manawi kawontenanipoen ing riki sampoen kados tanah Walandi; liripoen tijang ingkang boten saged sastra sampoen mèh boten wonten oetawi malih jèn kawontenaken k o e w a d j i b a n - n j e k o l a h a k e n - a n a k i p o e n - (leerplicht).

Andjawi poenika manawi tijang alit sadaja sami bajar paos pamoelangan, kados-poendi pranatanipoen nagari anggènipoen mrintji[2]: sinten ingkang kedah katampi ing pamoelangan andap poenika oetawi pawijatan loehoer poenika? Poenapa poenika boten rekaos sanget, sagedipoen toemindak kanti adil tanpa mawang tijang, tebih saking ngemban tjindé ngemban siladan? Lan poenapa prakawis poenika boten gampil noewoehaken manah boten trimah, pangresoela lsp.; awit manawi anakipoen kawoela alit badé loemebet ing pamoelangan loehoer, kang mangka boten katampi, poenapa boten ladjeng kawekdal temboengipoen pangresoela lan panggreneng: „Wis bajar padjeg djaré, ora katampa; djaréné sakabèhing pamoelangan prodéo, la kok kaja mangkéné kadadéjané." Sokoer sèwoe soekoer manawi nagari saged mranata sadajanipoen kanti saé, saged adamel leganing kantja alit sadaja.

DJALARAN.

## CORRESPONDENTIE:

Abn. no. 712 poenapa sampoen tampi serat saking administratie? Poenapa sampoen kaoeroes.

Semarang, boten saged kapatjak minggoe poenika; datengipoen kasèp. Minggoe ngadjeng.

Djebed: ingkang satoenggal sampoen naté kawrat ing Sw. Tm.; dados boten kapatjak.

# OERAP-SARI

**(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS).**

## KABAR KATHOLIEK.

### Pisoengsoeng saking Moentilan.

Kala 50 taoenan dalem djoemeneng Imam, Moentilan njaosaken pisoengsoeng. Gandèng kalijan prakawis poenika, *„Osservatore Romano"* tanggal 6 Maart '30, njerat soeraosipoen makaten:

Kweekschool lan Normaalschool ing Moentilan, para Broeder Onbevlekte Ontvangenis sarta Zusters Franciscanessen kang pada njamboet gawé babarengan karo poetrané S. Ignasius, ngoendjoekaké pisoengsoeng awoedjoed album isi potrèt-potrèt.

Kweek-lan Normaalschool maoe nggoela-wentah tjalon goeroe Katholiek kang ing bésoek gedé imané, sregep mangrasoelkrida. Para Broeder maoe nggoela-wentah botjah-botjah Djawa 500, déné para Zuster pada oelah tresna ing sapada ana ing panti roga kanggo wong Priboemi.

Album maoe gawéjané moerid-moerid rinengga loeng-loengan 'adi tjéngkok noeswa Djawa.

Raèn kapisan kaprenah ing doewoer ana gambar agem dalem Makoeta Tiara, oeroet pinggir pinalisir gagambaran éndah warnané, tinoelisan *„Romano Pontifici — Pio XI — gloriose regnanti—grato et obedientissimo animo offert—Collegium Xaverianum Societatis Jesu"* „(Kondjoek ngarsa dalem Sang wibawa Maha Gopa (Opper Herder) ing Roem ingkang djoemeneng sapoenika; kaoendjoekaken kanti panoewoen lan pambangoen-toeroeting manah; . . saking Xaverius College S. J.").

Potrèt-potrèt maoe, potrèté Grédja kang pinadjang éndah kalané 50 taoenan dalem; moerid-moerid sing pada seneng-seneng; (Iss.).

Dadi dèk semana ing tanah kang panas koewi ija pada mahargja ngarsa dalem toewoeh saka Pangandel sidji, Katresnan sawidji.

### Konggrès Katholieke Journalisten.

Gandèng kalijan 100 taoenan kamardikanipoen Bèlgi, pakempalanipoen para journalist Katholiek ing Bèlgi béndjing 30 Agoestoes doemoegi 4 September poenika badé ngawontenaken konggrès kanggé Pers Katholiek, manggèn ing Brussel, Kg. Kardinal van Roey Maha Biskop ing Mechelen djoemeneng Eere Voorzitter.

### Normaalschool Woloan 25 taoenan.

Kala 29 lan 30 April kapengker poenika, R. K. Normaalschool in Woloan mèngeti anggènipoen sampoen oemoer 25 taoen. Sakolahan poenika ingkang ngedegaken sakawit ngarsa dalem Kg. Biskop van Velsen kalanipoen taksih wonten Minahasa. ( . . . . . . . . . Béndjing poenapa Kweekshool Moentilan, oet. X. College Moentilan anggènipoen damel pangènget-ènget?? — Red.)

# KABAR OEMOEM

## INDONESIA.

### Djagad serat kabar.

Sagedagan poenika salebeting djagad serat kabar katah lalampahan-lalampahan ingkang pantes dipoenprimboni.

Sadèrèk Manoppo 1e. redacteur *Bintang Timoer* (roemijin naté ngemoedèni *Matahari Indonesia* tjap Kepala Bantèng), wiwit tanggal 1 Djoeni ngadjeng poenika, dados redacteur wonten *Het Nieuws.* Mangka s. k. Het Nieuws waoe misoewoer anggènipoen dados pembentji Inlander.

Sadèrèk Kanoen hoofdredacteur *Pewarta Deli,* wiwit tanggal 1 Djoeni badé mlebet wonten *Deli Courant* serat kabar ingkang soewaoe dipoennamani sadèrèk Kanoen pijambak, serat kabar *tjap tembakau.*

Sadèrèk Djamaloedin alijas Adinegoro redacteur *Pandji Poestaka* sakawit kawartosaken wiwit tanggal 1 Djoeni pindah dateng *Bintang Timoer.* Ing mangka saplok Adinegoro dateng, boten naté pikantoek manah saking Bintang Timoer . . . . Nanging, . . . béndjingipoen kawartosaken Adinegoro boten èstoe mlebet wonten Bintang Timoer. Mangka sampoen damel serat pradjandjijan poenapa! Mila, ladjeng kadjibah asok keroegijan f 1000. Woeroengipoen Adinegoro mlebet wonten Bintang Timoer, ladjeng mlebet wonten Pewarta Deli anggentosi sadèrèk Kanoen, poenika kadjawi sebab sanès katjarijos margi wonten B.T. namoeng f 250, wonten P. D. f 300.

(Lalampahan tigang warni ing nginggil poenika, nedahaken koela sadaja sapinten dajaning arta. Lalampahan ing nginggil poenika tjalon kénging kapigoenakaken bangsa ingkang sengit Inlander kanggé ngolok-olok golongan kita).— Koela tjatet oegi, paprangan—pèn redactie *Sinpo* kalijan *Perniagaan* (sami déné koran Tionghoa) ladjeng santoen sipat djotos-djotosan !!

### Goeroe doesoen mlebet kontrak.

Pembantoe *Sedya Tama* ing Banjoemas martosaken bilih dèrèng dangoe poenika onderneming Horizon ing Soematra Wétan neda goeroe-goeroe doesoen ingkang poeroen njamboet damel wonten onderneming kaseboet kanti blandja f 60 sawoelan indakan f 10, blandja ingkang wekasan f 120.

Goeroe-goeroe doesoen bawah Karanganjar wonten sakawan ingkang poeroen njamboet damel wonten onderneming waoe.

### Pabrik H. V. A. énggal.

H.V.A. ngedegaken pabrik gendis énggal wonten ing Ngoenoet bawah Toeloengagoeng. Wiwit tanggal 14 poenika pabrik waoe sampoen kabikak.

### Pamedal Post, Tilgram lan Tilpoen.

Salebetipoen woelan Maart pamedalipoen P.T.T. wonten f 305009.

### Goepernoer Djéndral Katholiek??

Ing kalangan nginggil (oegi ing nagari Walandi) sapoenika sami manah sinten ingkang ing béndjing tjalon tinoeding angggentosi djoemeneng G. G. Manoet pamirengipoen *Het Nieuws,* sawoeng ingkang nomer satoenggal semoe-semoenipoen tilas Dirèktoer Javasche Bank, Mr. L. J. A. Trip. Pandjenenganipoen misoewoer moempoeni dateng prakawis economie.

Sawoeng ingkang nomer kalih padoeka toewan Ch. J. I. M. Welter vice voorzitter Raad van Indië, ingkang roemijin naté djoemeneng Minister Djadjahan.

Manawi sawoeng kakalih waoe salah satoenggalipoen kaleksanan dados, pangadjeng-pangadjengipoen sawenèhing golongan ing Nederland lan ing tanah ngriki, i. p. sageda wonten Goepernoer Djéndral Katholiek, saged kasembadan. Sabakdanipoen djéndral G.G. van Heutsz poera Buitenzorg dèrèng naté dipoenlenggahi prajagoeng Katholiek malih.

Saladjengipoen, serat kabar waoe njarijosaken bilih wonten sawoeng malih, i.p. jhr. Mr. E. Beelaerts van Blokland, kalijan P. Staal tilas Kongsoel-Djéndral ing Calcuta ingkang misoewoer oegi margi karangan boekoenipoen anama: „Onze Oostersche vraagstukken getoetst aan de ervaring in Britsch-Indië."

### Immigratie.

Awawaton palapoeran ingkang malebet wonten ing Justitie, Aneta saged njarijosaken bilih tjatjahipoen tijang ingkang bebara mriki salebetipoen taoen kapengker katingal langkoeng sakedik tinimbang kala th. 1928. Soedanipoen waoe ngantos wonten 6000, oet. mèh 10⁰/₀, poenika ingkang bakoe margi soedaning immigratie bangsa Tionghoa. Tijang Walandi ingkang mriki 5958, bangsa Europa sanèsipoen 1830, goenggoeng kempal langkoeng katah 450 tinimbang kala taoen 1928.

Tijang bebara bangsa Djepang: 1374, kala taoen '28 wonten 1005, bangsa Arab lan bangsa mantja Wétanan sanèsipoen wonten 4844 (kala taoen '28 wonten 4757). Déné tijang bebara bangsa Tionghoa langkoeng saking 51.000, kala taoen 1928 wonten 58.000 kirang sakedik.

Wonten tijang 682 ingkang boten pikantoek manggèn wonten tanah ngriki margi boten gadah serat-serat immigratie oet. margi sabab sanès, i. p. bangsa Walandi 3, bangsa Éropah sanèsipoen 10, bangsa Djepang 3, bangsa Arab sagolonganipoen 77, bangsa Tionghoa 595.

Total-djéndral bangsa mantja ingkang bebara mriki salebetipoen taoen kapengker wonten 65.261.

### Pamedal S. S.

Pamedal S. S. tanah Djawi salebetipoen April f 4.184.603 (soeda f 388.282 tinimbang April taoen kapengker).

Wiwit Januari doemoegi April pamedalipoen manawi katanding kalijan Djanoewari — April taoen kapengker, soeda f 2.637.847.

### Bab Ir. Soekarna wonten kamar 1,4 × 2,5 M.

Gandèng kalijan pitakènipoen warga Raad Kawoela sadèrèk Thamrin 25 Maart '30 bab leres lan botenipoen pawartos ingkang njarijosaken bilih Ir. Soekarna katahan wonten kamar koendjaran ing Bandoeng ingkang oekoeranipoen 1,4 × 2,5 M., poenika paréntah paring wangsoelan soeraosipoen makaten:

Wonten pakoendjaran ing Bandoeng, Ir. Soekarna kapapanaken wonten ing kamar ingkang pandjangipoen 2,10 M., wijaripoen 1,40 M., lan inggilipoen 3,50 M. Anggènipoen Ir. Soekarna katahan boten margi gadah angen-angen politiek, saking kadakwa nerak papatjak 169 bab 108 ing Angger Oekoem. Wonten koendjaran ngrikoe Ir. S. pikantoek kamardikan kados ingkang kaseboet ing pranatan pakoendjaran (gestichtenreglement), kénging mananggé lan neda gadahanipoen pijambak, poenapadéné oegi dipoensoedijani waosan ingkang timbang kalijan kasagedanipoen. Kadjawi poenika saben dinten dipoenlilani medal ing djawi salebetipoen tigang djam.

### Tradjangipoen Jong Islamieten Bond.

Saking ihtijaripoen H. B. J. I. B. kala 27 April 1930, ing Gedong Permoefakatan Indonesia Gang Kenarie Weltevreden, saged ngawontenaken parepatan oemoem kadatengan kirang langkoeng tijang 800, amoetoes damel resolutie ingkang ringkesing soeraosipoen makaten:

M i r e n g a k e n andaran-andaran bab piawon warni-warni ing kalangan laki-rabi bangsa Indonesijah; piawon-piawon poenika waoe ingkang bakoe margi kalèntoening panampinipoen kawoela Indonesijah dateng toedjoening idjab kados ingkang kawarahaken Agami Islam, lan oegi kasebabaken margi asoring boedinipoen tetijang wiwit ingkang inggil doemoegi andap. Kalèntoening panampi lan asoring boedi kaseboet mèh saben dinten noewoehaken piawon ingkang boten namoeng nglelèpèti para wanita lan namanipoen tetijang Indonesijah, oegi ngawon-awoni agamining kawoela, i.p. Islam,

N g l a i r a k e n soesah lan getoening manah mireng kawontenan makaten waoe.

A m a n a h prakawis ing nginggil waoe saking sakedik kénging dipoenkirangi, sarana réka warni-warni, oep. 1. Andjembaraken propaganda Agami Islam; 2. Propaganda gesang moersid dateng kawoela Indonesia langkoeng-langkoeng ingkang Islam. 3. Ambijantoe ngadjengaken kapinteran. 4. Ambijantoe andjoendjoeng dradjading wanita ing salebeting economie. 5. Ihtijar soepados poenggawa mesdjid ingkang ngoeroes prakawis ningkahan, roedjoek lan pegatan, pikantoek blandja tetep saking arta nagari, dados boten tjara presénan saking wragad-wragad ningkah pegat roedjoek, kados ing sapoenika. A m o e t o e s neda dateng H.B.J.I.B. soepados ngadjak dateng pergerakan Indonesia Moeda lan sadaja pergerakan Kepandoean Indonesia andoem damel nindakaken ihtijar kaseboet nginggil, Pangrèh J. I. B. soepados neda kanti sanget dateng ébah-ébahanipoen para kakoeng lan wanita sageda toemandang ingkang temenanan andandosi kawontenan kabangsan ingkang awon kados kaseboet nginggil *(Bintang Mataram).*

### Arta kertas ingkang karisak.

Woelan April poenika arta kertas ingkang karisak: damelan Walandi njaringgitan 480.000 lembar, lan njaroepijahan 560.000 lembar. Damelan Amerika njaringgitan 40.000 lembar, lan njaroepijahan 160.000 lembar.

### G. G. Pilipinah.

Goepernoer Djéndral Pilipinah padoeka toewan D. F. Davis kawartosaken badé martamoe dateng Indonesia.

### Subsidie ngitjali tijang njerèt.

Kawartosaken saking Bogor bilih sapoenika wonten ordonantie mranata subsidie kanggé ngrimat tijang ingkang nedya medot njerèt.

### Poelisi koemedah-kedah nenggani parepatan.

Warga Raad Kawoela t. Thamrin miterang dateng Paréntah soeraospoen makaten:

Manoet pawartos nalika pakempalan Pasoendan afd. Poerwakerta tanggal 30 April ngawontenaken parepatan-warga, manggèn ing sekolahan H. I. S. gadahanipoen Pasoendan, kepala resisir radèn Brodjo nékad anenggani parepatan waoe srana mènèk tjendéla.

Tindak makaten poenika poenapa pantjèn atas dawoehipoen nginggil? Poenapa Paréntah manggalih saé dateng tindak makaten poenika? Manawi boten, ladjeng tijang ingkang lepat waoe badé kapoenapakaken? Kadjawi poenika oegi njoewoen pirsa kados-poendi panggalihanipoen nagari toemrap poelisi nenggani parepatan warga langkoeng-langkoeng parepatan warga ing salebeting Pasoendan?

### Poenapa tegesipoen ngirid?

Pamirengipoen *Het Nieuws* sedya ngawontenaken gedong Letterkundige Faculteit, meksa taksih kalestantoenaken badé kalebetaken wonten begrooting 1931. Gedong waoe tjalon katoenggilaken kalijan gedong bibliotheek gadahanipoen Kon. Bat. Genootschap, wonten sawingking Rechts Hooge School Koningsplein. Déné wragadipoen f 325.000.

### Padang tjepak-tjepak.

Gandèng kalijan anggènipoen kita Padang tjalon kadadosaken kitanipoen prov. Sumatra, gemeente raad Padang amoetoes toembas siti-kanggé papaning kantor-kantor, doemoenoeng satjelakipoen gedong Raad van Justitie, djembaripoen 20.000 M²., wijaripoen 210 meter.

### Amy Johnson.

Salebetipoen minggoe kapengker, Indonesia koengkoelan lan inggih kampiran wanita bangsa Inggris Amy Johnson ingkang nglampahaken motor maboer ngideri bawana.

Kalanipoen koela njerat kabar poenika, Amy sampoen doemoegi Australië.

### Pangiridan.

Waarnemend Directeur Gouvernementsbedrijven ngedalaken sirkoelèr dateng pangageng-pangageng ing bawahipoen asoeraos kapoerih njatitèkaken ingkang satiti wedalwedaling arta ingkang kénging dipoenirid. *(Java Bode).*

### Sesakit patèk Ngajogjakarta.

Wiwit tanggal 25 April — 24 Mei, ing Ngajogjakarta andatengaken dokter Sjamzoedin saking Semarang, perloe kanggé ambijantoe merangi sasakit patèk.

Ingkang dipoendatengi salebetipoen sawoelan waoe 21 panggénan bawah Koelon Progo lan Goenoeng Kidoel (Kalibawang, Nanggoelan, Wates, Pandjatan, Pengasih, Sentolo, Semakèn, Brosot, Wanasari, Patoek, Semanoe, Semin, Nglipar, lss.) *Ingkang dipoensoentik sadaja wonten tijang 3060.*

Panggénan ingkang katah pijambak tijangipoen patèken ing Sentolo, tandanipoen wonten ngrikoe dokter waoe njoentik tijang ngantos 381 sadinten. *(Pak. Tyon).*

### Bebaja kodrat ing Likasan.

*Locomotief* njarijosaken, dinten Rebo salebetipoen minggoe kapengker, djam setengah tiga sonten, Likasan katradjang bebaja endoet (lahar ??) malih saking Télamaja, swantenipoen ngantos kapireng doemoegi Ambarawa. Grija 12 ing doesoen Keboemèn, lan grija sakawan ing margi antawisipoen Ba-

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## KATJOELIKAN ING SALEBETING JOURNALISTIEK.

### Swantenipoen Patjar Mérah dipoensadé.

Ing Swara Tama no. 20, 16 Mei, koela ngrembag prakawis bezuiniging taoen 1931.

Ing *s. k. Nan Sing* (Semarang) no. 40, 21 Mei, wonten seratanipoen journalist *Luidspreker* oegi angrembag bezuiniging taoen 1931. Artikel waoe tétéla sanget pretalan saking artikelipoen Patjar Mérah ing Sw.T. kaseboet nginggil. Nanging sadèrèk Luidspreker boten kersa walèh pendetan saking Swara Tama. Bokmanawi isin „wong metik baé kok metik artikel Swara Tama! Oetawa manèh nèk akoe mblakakaké petikan saka Swara Tama moendak ora diarani journalist djempol!"

Sadèrèk! Mestani lepat oetawi awoning sanès, saèstoe boten gampil! Boektinipoen kedah maton! Mila soepados boten kawastanan waton moeni, artikelipoen Luidspreker waoe koela tedak soengging ing ngriki, ladjeng pandjenengan tjotjogaken pijambak kalijan artikelipoen Patjar Mérah ing Swara Tama no. 20. Sasampoenipoen ngandaraken ichtijar titiga ingkang tjalon katindakaken Nagari kanggé noetoepi tjoepeting begrooting, Luidspreker tjarijos makaten:

> Adapoen kehendak jang pertama. soenggoeh penoelis merasa tida moefakat, lantaran apakah dianggep pikoelannja ra'jat di Indonesia koerang berat?
>
> Apakah kita beloen amat berat memikoel padjeg?
>
> Maksoed jang 2e. betoelnja haroes pilih-pilih, kaloe bolehnja menaeken ongkos-ongkos masoek (invoerkosten) ke Indonesia tadi mengenai perdagangan jang mendjadi kaperloeannja kita orang hidoep (oempamanja beras) itoe betoelnja haroes di linjapken, lantaran apa? Kita orang tentoe soedah mengerti keadaan kaoem dagang teroetama kaoem dagang jang terbesar. Djikaloe ongkos (bea) dinaekken, moestail sekali kaoem soedagar-soedagar tadi aken tinggal diam sadja barang tentoe marika djoega aken menaikken perdagangannja. Djadi kaloe maksoed jang terseboet pertama dan 2e. aken didjalanken dan menoedjoe kepada kaperloeannja kita orang, soedah tentoe sadja orang jang tida mampoe tentoe aken djatoeh sengsara. Padjek dinaekken, tambah-tambah aken membikin mahalnja harga barang kaperloean hidoep, dan bagimana keadaan kita orang? Pengaroehnja penghimatan aken mengadaken roepa-roepa rasa jang sekali-kali tida enak. Sedang begitoe bisa disangsiken apa Pemerintah bisa berhasil aken mengoembaliken kepertjajaannja ra'jat padanja.
>
> Sedeng maksoed jang ke 3e. penoelis soenggoeh belon mengerti dengen tjoeatja, apakah maksoednja mengadaken padjek kekajaan (weelde belasting itoe?).
>
> Di sini penoelis aken mengoeraiken sedikit tentang kakoerangan begrooting tadi, hal mana bisa kita samaken dengen keadaan kakoerangan ongkos roemah tangga, jang kira-kira penoelis tida aken oengkiri lagi. Djika menilik wetnja boedi jang sehat dan djoedjoer, koela-warga jang begitoe tadi lebih doeloe haroes menjelidiki kaloearnja (ongkos) jang koerang perloe; djadi djangan zonder dipikir lagi alias kesoesoe, bagimana ichtiar kita aken menambah pengasilan kita. Begitoe djoega bagi pri keadaannja Pemerintah aken bikin klop kakoerangan begrooting terseboet. Pemerintah haroes lebih djaoeh mendjaga tentang keloearnja oewang jang sesoenggoehnja tida begitoe (koerang) perloe, oempamanja kehendak Pemerintah aken mengadaken roepa-roepa rentjana dengen mengloearken oewang, itoe haroes disabarken lebih doeloe.
>
> Maka keada'an rentjana jang koerang perloe djikaloe diselidiki dengen teliti, misalnja: leden dari Raad van Indie itoe ketjoeali trima gadjih jang tetep jaitoe f 2500.— masih mendapet lagi oewang receptie (receptiegeld). Maka keada'annja pertemoean salah satoe lid dengen satoenja lid itoe tida tentoe; dan biasanja ganti berganti mengoendang. Djadi seandenja ada lid jang tida moestinja ketempatan goena pertemoean, oewang receptie [f 200. — ? ? ?] soedah barang tentoe oewang tadi tida aken digoenaken. Seperti orang taoe tida tjoema bagi leden dari R. v. I. sadja jang mendapet receptiegeld, tapi djoega Ambtenaar-Ambtenaar tinggi dan laen sebaginja. Hal ini djika Pemerintah tjoema menetepken; receptiegeld boeat leden R. v. I. tentoeken tjoema f 200. — dan goena Ambtenaar golongan ini sakean, itoe sakean bagi Pemerentah tentoe soedah bisa menghimat sakean djoemblah saboelan-boelannja. Apalagi goena Ambtenaar gadjih f 2500. — [oepamanja] tjoema diambil goena oewang receptie sakean penoelis rasa barangkali tida sebrapa!!! Begitoe djoega tentang Blanda Indo dan bangsa jang dipersamaken dengen Blanda diperkenanken verlof kloear negri ka [Nederland]. (N. B. marika tadi masih djoega trima gadjih) itoe semoea oepamanja di batesin dan dilinjapken sadja soedah barangtentoe brapa sadja semangkin koerangnja oewang dikloearken oleh Pemerentah tiap-tiap taoen. Lantaran bagi marika jang diperkenanken verlof ka Nederland tadi belon tentoe marika terseboet masing-masing mempoenjai familie disana! dan lagi bagi Indonesiers jang di persamaken dengen Belanda, apakah perloenja pigi ka Nederland ketjoeali tjoema aken leha-leha (foja-foja) sadja. Begitoe djoega goena ongkos studie opdracht ka Nederland, itoe djika menilik waktoenja Pamerentah kakoerangan begrooting, penoelis rasa itoe maksoed-maksoed jang terseboet diatas boleh ditoenda doeloe. Lagi oepamanja Pamerentah mengapoesken standplaats toelage bagi Ambtenaar jang gadjihnja lebih dari f 700. dan mengoerangi gadjih-gadjihnja Ambtenaar didalem verlof keloear negri tjoba toean² pembatja rasa sendiri, soedah brapa banjak Negri bisa menghimat dan tentoenja masih banjak lagi tentang pengloearan begrooting-begrooting jang haroes ditoenda doeloe, djadi tida oesah menaeken belasting sebagimana terseboet di 1e. sampe 3e.

Mangga, poenapa boten tétéla artikelipoen journalist Luidspreker pendetan saking artikelipoen Patjar Mérah??? Moegi panjaroewé koela dateng Luidspreker sageda namoeng mandeg samanten kémawon! Begitoe boekan, soedara???

* * *

Wonten ing Sw.T. no. 20, 16 Mei waoe koela tjarijos: . . . . . Langkoeng-langkoeng wonten djaman gawat poenika, djamanipoen kawoela sami tinarboeka, *djamanipoen mripat merem sami melèk, koeping boedeg sami tengèn,* sadaja ichtijar ingkang toemandoekipoen saja mlinderaken poendaking kawoela, saèstoe amoetawatosi. Manawi paos saèstoe kainggahaken, o, saiba badé nggrantes lan nggegeting manahipoen tijang ngriki. Manawi mangké margi dajaning paos kaindakaken, . . . . ( . . . . ) tijang ngriki saja katah ingkang sami dados mlarat, . . . . saja matikel-tikel ingkang sami dados djiretanipoen lintah darat, . . . . ing ngrikoe para ingkang sengit kalijan Inlanders ladjeng saja sora pambengokipoen sareng-sareng kalijan baron Mackaij enz. . . . enz. . . .

Ing *Bahagia* koran Samarang no. 111 (20 Mei) lembaran kaping II, wonten artikel tanpa dipoentandatangani, asisirah: „Apakah ta' ada djalan lain?" Artikel waoe oegi ngrembag prakawis bezuiniging taoen '31 . . . . Sasampoenipoen damel andaran makaten-makaten, koran waoe tjarijos: Lebih-lebih dalem zaman kesedaran ini: zaman mata tertoetoep mendjadi terboeka: zaman telinga toeli mendjadi terang mendengar, tentoelah rantjangan ini akan membahajakan! ( . , . ) Dan semangkin poelalah banjaknja woeker-woeker jang melambrang oentoek menangkap oempamanja, dan achirnja bangsa lain jang bentji pada Indonesiers, semangkin poelalah bergembar-gembor bersama-sama baron enz. enz. . . . .

Koela boten amastani bilih tetemboenganipoen Bahagia poenika pendetan saking Sw. T. Nanging sok tijanga saged mangertos tetemboenganipoen Bahagia waoe sami kalijan Sw. Tm. *Kami harep toean tidak salah mengerti!!!*

Kumuningsaselé 25 Mei '30.

Taklim: *Patjar Mérah.*

**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA — Telf. 252    BANDOENG — Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja SWARA TAMA, dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.



PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG

MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON / DUNLOP / R. I. W. — RIJWIELEN

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG

MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.



Boeat toean poenja

ERCEE

Recept

APOTHEKEN

Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.



TOKO BARANG-BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN MOERAH SEKALI!



**Toko DJOEN & Co., Djocja.**

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannja.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die giling dengan machine Electries, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tanggoeng sampee menjenengken, harga per pond f 0.90.
Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.



AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**
RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE — BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.— saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perkakas koentji sarta wadah lisah.
Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk: ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen tosan sarta tjèt wènter.
PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélanipoen kalajan lelahanan.
Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij: „WIRIOSOESENO"**
**Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.**



TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;**
**sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

TJÈT GILAP model B. kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50; 5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING

**Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.**


## DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Ambarawa | 6.-7.30. | Lamah | 5.30-6-8. | Pekalongan 8) | 7.30. | Soerabaja: | |
| Amboina | 7.30. | Lawang 5) | 7. | Pemalang 3) | 7.30. | Kepandjèn | 6-7-9. |
| Bagan Siapi-api | 7.30. | Madioen | 6-7.30. | Pemangkat | 8.30. | Anita Boul. | 6-7.30-9. |
| Bandoeng | 6-7.30-9. | Magelang | 7 9. | Poerwokerto | 7.30. | Soerakarta | 6-7-8.30. |
| Benkoelen | 7.30-9. | Makassar | 6-7.30. | Poerworedjo | 7-8.30. | Tandjoeng Balai | 7.30. |
| Blitar | 7.30. | Malang | 6-7.15-8.30. | Pontianak | 7-8.30. | Tandjoeng Karang | 8. |
| Buitenzorg | 6-8. | Manado | 6-7.30. | Probolinggo | 7.30. | Tandjoeng Sakti | 7.30. |
| Cheribon | 7.30. | Medan | 6.30-8-8.30 (tjina). | Salatiga | 7.30. | Tara-Tara | 7.30. |
| Djember | 7.30. | | 9.30 (mal.). | Sambas | 6-8.30. | Tegal | 6.30-8. |
| Djokja: | | Medari 6) | 7.30. | Sambong | 8. | Tering | 7. |
| Kampementstraat Eur. | 7-9. | Meester Corn. | 7-9. | Sawah Loento | 7-8.30. | Tjilatjap 8) | 7.30. |
| „ Jav. | 6-8. | Mendoet | 6-7.30. | Sedajoe | 7. | Tjimahi | 6-8. |
| Kota Baroe | 6-7.30. | Modjokerto | 6-8. | Sedjiram | 5.45-8.30. | Tomohon | 7-8-9. |
| Djombang 1) | 7.30. | Moentilan | 5-6-8. | Semarang: | | Wates 7) | 7. |
| Fort de Kock | 7.30. | Muntok | 8. | Gedangan | 6-8. | Weltevreden: | |
| Gandjoeran 2) | 7. | Ngawi 7) | 7.30. | Bangkong | 6.30-830. | Waterlooplein | 5.45-7-9. |
| Gombong 3) | 7.30. | Padang | 7-8.15-9 (tjina). | Tjandi | 7.30. | Kramat | 6-8-9 (mal.). |
| Keboemèn 4) | 7.30. | Padang Pandjang | 7.30. | Randoesari | 7-9. | Wonosobo 8) | 7.30. |
| Kediri | 7.30. | Pajakoembo | 7.30. | Singkawang | 6.30-9. | Woloan | 8.30. |
| Klatèn | 7.30. | Palembang | 7-9. | Soekaboemi | 6-7.30. | | |
| Koeta Radja | 6.30-8. | Pasoeroean 1) | 7.30. | Heuvel | 5.30. | | |

1) 1e. Achad. 3) 2e. Achad. 5) 1e., 2e., 4e. Achad. 7) 3e. Achad.
2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap² doea boelan. 6) 2e., 4e. Achad. 8) 3e. Achad.

njoebiroe — Salatiga, sami laroet, Katjilakan tijang boten wonten. Margi Banjoebiroe — Salatiga risak malih. Tetijang Rawa Pening katah ingkang nilar doesoenipoen.

Kanggé mitoeloengi katjilakan ing Likasan poenika, Semarang dipoenwonteni komité dipoenpangarsani resident J. Bijleveld. Comité badé ngedalaken arta roemijin f 25,000, ladjeng dipoensamboeti Semeroefonds f 10.000. Télamaja dipoenpriksa.

**Ingkang pikantoek Hoefdprijs.**

Hoofdprijs f 150.000 lotré Eykenstichting, dawah t. Tjoe Tok Hoo, noko alit-alitan ing Kalisat, Djember. Wijkmeester Tionghoa ing Balong angsal pris f 100.000. (Aneta).

**Tijang neda tijang.**

Patrouille dipoenpangagengi bestuursassistent Ruberegt nalika mlampah wonten Kaimana ing nginggil lèpèn Tjemara lan Torpedoboot (Merauke), dèrèng dangoe poenika kapanggih krompolan tijang wanan 200, sadaja taksih sami dojan daging manoengsa. Kala semanten tijang ingkang dipoenteda wonten 8, tijang djaler satoenggal, tijang èstri tiga, lan laré sakawan. Tijng èstri satoenggal lan laré alit satoenggal, sami taksih gesang, sadijan kanggé neda malih, saged dipoenpitoeloengi patroli waoe. Golongan patroli kakroetoeg panah, ladjeng kawales kasendjata: ingkang pedjah tiga, kalebet pangagenging krompolan waoe. Déné sanèsipoen sami mladjeng. (Aneta).

**Begrooting 1931.**

Aneta mireng pawartos bilih conferentie begrooting 1931 ingkang dipoenwontenaken kala 20 Mei manggèn ing poera Goepernoer Djéndral, katjarijos saged kadamel klop.

**Panitya Anti-Wajoeh.**

Katjarijos ing Bèdji, Klatèn, wonten panitya Anti-Wajoeh, dipoenpangarsani Mev. Siti Soendari Dibjapranata. Panitya badé ngatoeraken rembag-rembagipoen dateng Nagari. *(Sedya Tama).*

**Justitie lan Bandoeng.**

Bandoeng 22 Mei Aneta. Wingi sonten wonten salebeting parepatan winados gemeente raad amoetoes tjalon angragadi anggènipoen Nagari badé jasa gedong Departement van Justitie énggal. Prakawis poenika kados déné voorschot ingkang kedah kasaoer Goepermèn sarana nitjil. (Toelada bregas saking nagari pijambak! Ora kétang takréwangi oetang, waton karepkoe kasembadan, ija sanadyan woes katjeta begrootingkoe tjalon tjoepet pisan! Red).

**Prakawis ingkang pantes kagatosaken.**

*Ing Timboel* tanggal 16 Mei, wonten karangan „Het restrictie vraagstuk" ingkang ladjeng kapetik t. Dw. Séwojo wonten Sedya Tama, soeraosipoen kados ing ngandap poenika.

Panggaotan karèt poenika wonten warni kalih: modèl lami kalijan énggal. Modèl lami i. p. ingkang katindakaken mawi jatra Éropah: pawitan ageng, épahan katah kanggé poenggawa bangsa Éropah, pirantos sampoerna; tjekak kanti wragad ageng. Déné tjara énggal i. p. ingkang katindakaken mawi tjara tijang Priboemi: sarwa mirah ing samoedajanipoen.

Margi makaten waoe, soepados panggaotan karèt modèl lami saged gesang wiloedjeng, kedah tansah pikantoek babatèn katah; déné ingkang modèl énggal boten makaten. Margi poenika, ing pawingkingipoen, ingkang modèl lami mesti badé sirna, déné ingkang modèl énggal badé njampeti betahing ngalamdonja toemraping karèt. Prakawis makaten poenika tétéla badé ngadjengaken economie Indonesia, ingkang boten sakedik artosipoen toemrap sagedipoen bawa pribadi babagan economie lan inggih babagan politiek.

Kawontenan ingkang ngagengaken manah waoe semoe-semoenipoen sapoenika tjalon kagoda, déning lampahipoen propagandist panggaotan karèt Éropah toewan Marinus. Propagandist poenika waoe ngadjak kantja-kantjanipoen panggaotan karèt soepados ngirangi pamedalipoen karèt kanggé sawatawis wekdal, perloenipoen sageda pepadjengan ingkang pantes. Leres propagandist waoe boten pikantoek pakèn saking pangagengipoen, lan inggih boten badé manggihi pijambak tetijang Priboemi ingkang gadah kaboedidajan karèt. Nanging réka dajanipoen noewoehaken koewatosing manah, bokbilih B. B. lan Landbouwvoorlichtingsdienst ing Indonesia badé migoenakaken pangaribawanipoen soepados kaboedidajan karèt Priboemi boten namoeng ngirangi pamedalipoen kanggé sawatawis wekdal, oegi boten dipoenindakaken agengipoen malih, ngantos pangadjeng-adjeng ingkang ngagengaken manah kaseboet ing nginggil boten saged kalampahan, oetawi randat sanget kelempahanipoen.

Manawi koewatosing manah ing nginggil waoe njata, redactie Timboel neda kanti sanget soepados para nationalist Priboemi ingkang saroedjoek kalijan Timboel amboedidaja ing sasaged-sagedipoen kanti medal margi ingkang boten mlanggar wet, andoewa pangaribawanipoen B. B. toewin Landbouwvoorlichtingsdienst, kados ingkang dipoenkadjengaken ing nginggil waoe. (Wewahan: Tilgram Aneta saking Buitenzorg 23 Mei, martosaken bilih toewan Marinus waoe, *pedjah dadakan.* Mangka Rebo sonten taksih dados tamoenipoen Rotaryclub Betawi. Wonten club ngrikoe sosorah bab ngringkes pamedal karèt. Oegi njarijosaken planters bangsa Indonesia lan Éropa saged kaadjeng-adjeng sami toemandang sasarengan. Saladjengipoen, ngalembana, matoer noewoen dateng sariranipoen Ingkang Witjaksana, directeur Landbouw, poenapadéné directeur B.B. toemrap sadaja pambijantoenipoen. Angkahipoen tanggal 28 Mei badé wangsoel dateng Nederland noempak baita Prins der Nederlanden, lan wonten Éropah oegi badé ngladjengaken actienipoen).

# MANTJA NAGARI.

**AMERIKA.** *Katentremaning bawana????*

Wadyabala laoetan ing Washington njobi machinegeweer énggal ingkang saged moengal ing dalem samenoet kaping 800, tebihipoen 9 mil.

Sendjata poenika waoe damelanipoen Robert Hudson tilas soedagar (handelsreiziger) ing Richmond.

Hudson waoe sapoenika saweg ngotak-atik mrijem ingkang dipoenwastani anti-luchtvaartuig-snelvuurkanon, dipoenisèni mimis 30 caliber, sarta saged kanggé ndamel ing dalem samenoet kaping 1400.

Kadjawi poenika inggih saweg jasa machinegeweer 1,1 ich (1 ich = 2,54 c. M.), samenoetipoen saged ngedalaken mimis tanpa njoewara kaping 800, tebihipoen 13 mil.

*Propaganda communisme New York.*

Kita New York poenika isi propagandist kominis 9500, sapérangan ageng tijang mantja, ingkang ngretos basa Inggris namoeng 20.

Manoet tjatetanipoen Kamer van Koophandel, sadaja propagandist kominis wonten 30.000 a 50.000. Kamer van Koophandel waoe damel komisi sasambetan kalijan pakempalan oetawi babadan warni-warni perloe amotjoti poenggawa-poenggawa kantor ingkang kominis, lan andjagi sampoen ngantos poenggawa waoe saged pikantoek padamelan dines malih.

*Setatsijoen ageng sanget ing salebeting siti.*

Wonten sedya badé damel setatsijoen salebetipoen siti, djembar 25 A, tjekap trèm 150 saben saedjam antawisipoen New York kalijan New Jerseij.

Wragadipoen tjalon 20 mlijoen dollar.

**TANAH HINDOE.** *Pogokan ing Rangoen.*

Tilgram Aneta Reuter saking Rangoen tanggal 26 Mei, martosaken bilih dinten waoe wonten reresah. Nalaripoen: koeli-koeli ingkang sami mogok boten seneng manahipoen déné ingkang nginggah ngedakaken barang-barang ing baita ladjeng koeli-koeli bangsa Tionghoa.

Ingkang ketaton wonten tijang 10, ingkang tatoe alit-alitan wonten 250.

Tilgram saking Bombay njarijosaken kawontenan ing ngrika sakalangkoeng moetawatosi, ngantos tetijang Éropah sami neda soepados nagari ngoendangaken oendang perang. Ing Bendhi Bazaar (kampoeng Islam) wonten krompolan tijang Islam tjampoeh kalijan poelisi. Golongan ingkang damel reresah, woloe ingkang kapeksa kaangkat dateng hospitaal.

**NEDERLAND.** *Nganggé basa Welandi.*

Aneta saking Den Haag 26 Mei, njarijosaken: Ministerraad amoetoes manawi wonten konggrès-konggrès internationaal lan sabangsanipoen, pambagjanipoen regeering Walandi badé mawi bangsa Walandi.